


# Tès pou sante ren



Li enpòtan pou konnen si ren w yo ap travay jan pou yo travay la.

Moun ki fè dyabèt dwe fè verifye ren yo omwen yon fwa chak ane. Poze pwofesyonèl swen sante w la kesyon sou tès yo fè pou verifye si ren w an sante.

## Fason dyabèt ka afekte ren w yo



Tansyon wo ka andomaje vesò sangen ki nan ren yo, sa ki lakoz ren w yo travay pi plis. Apre yon tan, ren yo vin gen mwens kapasite pou yo filtre dechè nan san ou sa k ap lakoz pwoteyin ki nan san an pase nan pipi. Sa rele *albiminiri* (al-Bi-mi-ni-ri).

Se pa tout lè yo ka trete maladi ren, men lè yo dekouvi sa bonè, ka genyen trètman pou ralanti domaj la. Se poutèt sa li enpòtan pou verifye ren w yo osi souvan ke pwofesyonèl swen sante w la rekòmande sa.

## Verifikasyon pou wè si ren yo an sante

Pwofesyonèl swen sante w la ka suiv sante ren ou lè l itilize diferan kalite tès, tankou:

Non tès la	Kisa li fè
<b>Pwoteyin nan pipi</b> (ki rele tou yon tès <i>albiminiri</i> )	Verifye prezans ti kantite pwoteyin, ki rele <i>albimin</i> nan pipi ou. Sa ka yon siy maladi ren.
<b>Kreyatinin serik</b> (Kreya-tinin se-rik)	<ul style="list-style-type: none"><li>Verifye si gen kreyatinin nan san an.</li><li>Verifye si gen yon pwodui dechè nan san ki rele kreyatinin. Nòmalman, ren yo filtre li nan san an. Lè ren yo pa fonksyone oswa yo pa filtre jan yo dwe fè sa, san ou vin gen twòp kreyatinin.</li></ul>

Gade nan lòt bò a





## Toujou kenbe papye rezulta w yo

Mande pwofesyonèl swen sante w la rezulta tès ou yo. Ekri yo nan tablo anba yo oswa mete yo nan yon ajennda oswa yon jounal. Sa a ka ede w konprann fason sante ren w ap evolye ofiramezi

Non tès la	Rezulta mwen yo	Rezulta nòmal	Kisa rezulta yo ka vle di
Tès <b>pwoteyin nan pipi</b>	Dat: _____ Rezulta yo: _____ mg <sup>*</sup>	Anba 30 mg	Yon rezulta ki bay 30 mg oswa pi wo, se kapab yon siy pou maladi ren.
Tès <b>kreyatinin serik</b>	Dat: _____ Rezulta yo: _____ mg/dL <sup>†</sup>	<b>Pou gason:</b> 0.7 a 1.4 mg/dL <b>Pou fi:</b> 0.6 a 1.0 mg/dL	Lè ren yo p ap byen fonksyone, kreyatinin ki nan san an monte.

\*Rekòmandasyon Asosiyasyon Ameriken pou Dyabèt (American Diabetes Association) fè pou ane 2021 an.

<sup>†</sup>mg vle di miligram. mg/dL vle di miligram pa desilit

## Kisa GFR ye?

GFR vle di to filtrasyon (fil-TRAY-shun) glomerilè (glo-MEHR-yoo-lur). GFR ede pwofesyonèl swen sante w la konprann kòman ren yo ap retire pwodui dechè yo nan san w.

### Kisa chif GFR<sup>‡</sup> yo vle di pou fonksyòman ren an?

**90 oswa pi wo**  
Entèval nòmal

Ka gen domaj menm si entèval la nòmal.

**60-89**  
Lejèman ba

**45-59**  
Plizoumen ba

**30-44**  
Vrèman ba

**15-29**  
Ba anpil

Ou ka bezwen wè yon *nefwołojis* (doktè ren). Ou ka bezwen fè plis tès pi souvan pou verifye fonksyònman ren an.

**Anba 15**  
Ensifizans renal.<sup>§</sup> Pwofesyonèl swen sante w la ka diskite sou opsyon ki genyen yo tankou dyaliz oswa transplantasyon ren.

### My Results

Dat: \_\_\_\_\_ Rezulta GFR yo: \_\_\_\_\_

<sup>‡</sup>Inite mezi GRF la se mL/min/1.73 m<sup>2</sup> zòn sifas kò a.

<sup>§</sup>Rekòmandasyon Asosiyasyon Ameriken pou Dyabèt fè pou ane 2021 an.



Pou plis enfòmasyon sou sante ren, vizite sitwèb National Kidney Foundation (Fondasyon Nasyonal pou Ren) sou [www.kidney.org](http://www.kidney.org). Pou plis enfòmasyon rele **1-800-622-9010**.